



Gid pou fanmi k ap chèche Enfamil pandan ratman nasyonal Enfamil

Mizajou (5/27/2022)

- Paran ak moun ki ap bay swen ki nan bezwen ijan pou pwodwi EleCare ta dwe kontakte pwofesyonèl swen sante oswa Abbott nan 1-800-881-0876 pou plis enfòmasyon. Abbott pral distribye pwodwi touswit epi gratis bay tout timoun ki nan bezwen.

Depatman Sante Maryland (MDH, an anglè) rekòmande sa ki annapre yo pou fanmi ki bezwen enfamil:

- Si tibebe w la bezwen yon enfamil espesyal, founisè sante pitit ou a ka ba w konsèy sou enfamil ki sanblab pou w itilize.
- Si w se yon patisipan WIC nan Maryland, kontakte [biwo lokal WIC](#) ou a pou w jwenn èd nan jwenn pwodwi oswa fè chanjman nan avantaj manje WIC ou yo.
- Si w pa yon patisipan WIC nan Maryland, ale sou [sitwèb](#) WIC Maryland la pou w aprann kòman pou aplike oswa rele [biwo lokal WIC](#) w (oswa 1-800-242-4942) pou dekouvri si w kalifye pou avantaj yo.
- Pa melanje enfamil ak lòt likid. Ajoute dlo anplis oswa lòt likid nan enfamil ka vin yon danje epi menm yon menas pou lavi tibebe yo, sa ki ka kondwi a yon defisi nitrisyon ki grav ak pwoblèm lasante.
- Pa itilize enfamil moun fè nan kay. Enfamil ki fèt nan kay souvan pa gen nitriman ki esansyèl ke tibebe yo bezwen.
- Itilize yon mak diferan oswa yon lòt kalite enfamil si yo disponib. Pou pifò tibebe, sa a PA YON PWOBLÈM pou chanje ak nenpòt lòt enfamil disponib, ak tout mak magazen an. Rele founisè swen lasante pitit ou a si w gen kesyon.

Tibebe ak bezwen espesyal

- Fanmi yo ta dwe konsilte pedyat yo a si pitit yo a bezwen yon enfamil ki espesyalize.
- Founisè swen lasante ki bay swen a timoun ki gen yon bezwen injan pou yon enfamil espesyal an patikilye ta dwe kontakte Abbott Nutrition dirèkteman pou mande pwodwi a pandan y ap rele nan 1-800-881-0876 oswa vizite enfòmasyon Enfamil ak [fòm demann pwodwi \(an anglè\)](#) yo a.

Fanm ansent

- Si w ansent, pale ak OB/GYN ou a sou Kòman pou bay tibebe w la tete.
- Pwogram WIC nan Maryland bay [sipò ak resous nan bay tete](#) tou.
- Fanmi k ap nourir yon tibebe ak lèt moun ki soti nan yon lòt sous ke manman tibebe a ta dwe itilize sèlman lèt ki soti nan yon sous ki te teste donatè lèt li yo epi ki te pran lòt prekosyon pou asire sekirite lèt li yo.

Liy Asistans pwodiktè a

- [Espesyalis MyGerber pou tibebe \(an anglè\)](#) nan konpayi Gerber: kontakte yon konsiltan nitrisyon oswa ki nan zafè bay tete ki sètifye pa telefòn, tèks, Facebook Messenger, chat sou entènèt oswa apèl videyo, ki ka ede w idantifye yon enfamil menm jan an ki ka pi fasil disponib. Rele 800-4-GERBER
- Liy Asistans Abbott pou konsomatè: rele 1-800-986-8540
- [Liy pou mande pwodwi \(an anglè\)](#) an ijans nan Abbott: mande OBGYN ou a oswa pedyat tibebe w la pou w ka soumèt yon demann pwodwi an ijans pandan w ap [telechaje epi ranpli fòm - PDF la \(an anglè\)](#)
- Liy Sèvis Kliyan [Reckitt \(an anglè\)](#): Rele nan 1-800 BABY-123 (1-800-222-9123)

Resous nan zafè bay tete

- [Liy Asistans Nasyonal pou Fanm: 1-800-994-9662](#)
- [Kowalisyon pou zafè bay tete nan Maryland \(an anglè\)](#)
- [Resous WIC nan zafè bay tete nan Maryland](#)
- [Pwogram Nasyonal WIC/Depatman Agrikilti Etazini \(an anglè\)](#)
<https://wicbreastfeeding.fns.usda.gov/>

Pou plis enfòmasyon, fanmi yo ka vizite Fèy enfòmasyon Enfamil sou [Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini \(an anglè\)](#).